

Resous yo

Si w te toufe, si w te arive genyen yon blesi nan tèt, si w panse ou gen youn nan sentòm sa yo oswa si w gen dout, ou ka mande èd.



Liy Dirèk Vil New York 24-Hour
1-800-621-HOPE (4673)
TTY: 866-604-5350



Ale nan Anyè Resous NYC HOPE (ESPWA Vil New York) nan www.nyc.gov/NYCHOPE pou jwenn enfòmasyon ak resous pou vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks



Vizite Sant Jistis Familyal (Family Justice Center, FJC) Vil New York nan minisipalite kote ou rete (oswa youn kote ou santi ou pi an sekirite) pou jwenn èd. Tout Sant yo ouvè pou sèvis an pèsòn oswa adistans soti Lendi pou rive Vandredi pedi 9è am jiska 5è pm. Li pa nesesè pou pran randevou. Sant Jistis Familyal yo akeyi moun tout laj, tout oryantasyon seksyèl, ak tout idantite seksyèl, kèlkeswa estati imigrasyon, revni, oswa lang yo pale.

SANT JISTIS FAMILYAL NAN VIL NEW YORK YO

BRONX	(718) 508-1220 198 East 161st Street, 2nd Fl.
BROOKLYN	(718) 250-5113 350 Jay Street, 14th Fl.
MANHATTAN	(212) 602-2800 80 Centre Street, 5th Fl.
QUEENS	(718) 575-4545 126-02 82nd Avenue
STATEN ISLAND	(718) 697-4300 126 Stuyvesant Place

Rele oswa ekri 911 nan ka ijans.



Rele Liy Asistans lan nan ka suisid ak Kriz sou 988 oswa Tchat anliy 988lifeline.org/chat

Kontakte Kings CARES nan



1-929-310-1218



KingsCareReferrals@nychhc.org

pou bezwen medikal espesyalize, pou suivi nan ka vyolans ki baze sou sèks ak etrangleman san wete dokimantasyon sou blesi yo pou sekirite oswa pwosesis jiridik ansanm ak fè koneksyon ant moun ak sipò medikal epi jiridik ki espesyalize. Li ouvè nan jou Vandredi depi 9è AM jiska 12è PM pou tout viktim, kèlkeswa kote yo rete, kouvèti asirans, estati imigrasyon oswa idantite seksyèl yo.

Konprann Chòk Twomatik nan Sèvo ki gen Rapò ak Vyolans Domestik

Enfòmasyon ak Resous



Mayor's Office to
End Domestic and
Gender-Based Violence

Kisa Chòk Twomatik nan Sèvo ki gen Rapò ak Vyolans Domestik ye?

Yon chòk tromatik nan sèvo (traumatic brain injury, TBI) rive lè sèvo a sibi domaj apre yon chòk nan tèt oswa nan kou, ki rive pandan yon evènman poukò l'apa oswa plizyè evènman ki rive youn apre lòt, obyen akòz li pa jwenn ase oksijèn. Yon chòk twomatik nan sèvo ki gen rapò ak vyolans domestik se yon blesi nan sèvo ki rive apre yon vyolans ki fèt nan kad yon relasyon koup oswa famiyal.

Pami tout koz ki fè pi souvan gen chòk twomatik nan sèvo ki gen rapò ak vyolans domestik yo, nou jwenn:

- Mank oksijèn ki pou rantre nan sèvo a akòz yon etrangleman oswa yon etoufman
- Chòk twomatik fizik nan tèt ki rive akòz yon kou dirèk nan tèt oswa blesi ki penetre
- Tromatis sèvikal ki rive akòz yon mouvman britsoukou (Whiplash)

Sentòm pou Risk ki Wo ak Konsekans Alontèm pou Chòk Twomatik nan Sèvo ki gen Rapò ak Vyolans Domestik

Sentòm yo ka parèt tou suit, kèk jou, kèk semèn, kèk mwa oswa kèk ane apre evènman an.

⚠ Sentòm pou Risk ki Wo:

- Pèt konesans tankou pèt memwa, yon gwo anvi dòmi oswa endispozosyon

- Tè vire oswa tèt fè mal
- Difikilte pou konsantre, konfizyon, dezoryantasyon
- Vizyon doub oswa pèt vizyon
- Pa ka tandè oswa vin gen pwoblèm pou tandè
- Pèdi kontwòl vesi oswa entesten an, sa ki vin rann gen fuit pipi oswa poupou
- Difikilte pou respire
- Kriz ki ka manifeste ak ajitasyon, jès pou batay, agresivite oswa tranbleman
- Estwok, ki ka manifeste ak yon feblès nan vizaj (angoudisman, pèt sansibilite), feblès nan ponyèt, difikilte pou pale oswa mache obyen pwoblèm kowòdinasyon

Si w te viktim etrangleman epi ou swete konn plis sou lòt siy, sentòm, mesi sekirite ak resous ki disponib yo vizite NYC HOPE:

nyc.gov/content/nychope/pages/understanding-strangulation.

🕒 Efè Alontèm:

- Depresyon, estrès oswa (Post-Traumatic Stress Disorder, PTSD) sendwom estrès pòstwomatik
- Pwoblèm pou reflechi ak pwoblèm memwa
- Chanjman pèsonalite
- Pi gwo risk demans oswa maladi pèt memwa (Alzheimer)

Risk ki ka genyen yo si w pa konsilte yon doktè oswa w pa suiv yon tretman

Si yo sot toufe w, ou sot sibi yon chòk twomatik nan sèvo oswa ou gen youn nan sentòm pou risk ki wo yo, tout reta pou swen medikal ka lakoz yon envalidite pèmanan oswa l'ka menm lakoz lanmò nan ka ki pi grav yo.

Ou ta dwe ale tousuit nan sèvis ijans ki pi pre a pou konsilte yon doktè si w:

- Yo sot toufe w, ou sot sibi yon chòk twomatik nan sèvo oswa ou gen youn nan sentòm pou risk ki wo yo;
- Ou gen youn nan sentòm pou risk ki wo yo oswa sentòm ou yo vin pi grav plizyè semèn oswa plizyè mwa apre evènman an oswa evènman ki repete.

Chòk Twomatik nan sèvo ki repete ka ogmante risk pou devlope sentòm ki grav ak efè alontèm.

Si w te sibi plizyè evènman oswa si evènman an te rive depi kèk tan epi ou pè pou w ta santi kèk sentòm oswa soufri pou kèk konplikasyon, konsilte yon doktè jeneralis.

Si w pa gen doktè ou ka klike sou lyen an pou yo ka konekte w ak youn nan sa ki nan NYC Health + Hospitals yo nychealthandhospitals.org.

